

Fason pou Aplike pou Sivansyon pou Timoun Sèlman

Dyapozitif 1: Èske w ap okipe yon timoun ki pa pitit ou pou anpeche yo mete l nan yon fanmi akèy?

Dyapozitif 2: Pou ede w nan demach ou a, DTA ofri yon benefis èd finansye pou timoun ki nan swen w yo, TAFDC Sivansyon pou Timoun Sèlman.

Dyapozitif 3: Antanke yon responsab pou yon ti fanmi w, ou ka aplike pou TAFDC pou tèt ou ak timoun nan (yo) oswa sèlman pou timoun nan (yo) ki nan swen w.

Dyapozitif 4: Si w chwazi aplike pou tèt ou, DTA pral konsidere tout revni ke ou menm ak timoun nan (yo) resevwa. Ou ka bezwen respekte règ travay yo tou si w aplike pou tèt ou, epi DTA pral ede w jwenn yon pwogram gratis pou ede w atenn objektif ou yo. "

Dyapozitif 5: Videyo sa a pral montre w fason pou w aplike pou TAFDC Sivansyon pou Timoun Sèlman.

Dyapozitif 6: Etap 1: Ale nan DTACconnect.com epi chwazi "'Apply TAFDC (Aplike pou TAFDC)!"

Dyapozitif 7: Etap 2: Chwazi "Get Started (Kòmanse)".

Dyapozitif 8: Etap 3: Ranpli premye aplikasyon pou TAFDC a. Tanpri ranpli seksyon obligatwa yo ak enfòmasyon w yo, tankou:

- Prenon w,
- Siyati w,
- Dat Nesans,
- Adrès,
- Pi bon nimewo telefòn pou kontakte w, ak
- Adrès imel,

Dyapozitif 9: Etap 4: Louvri meni dewoulan an epi chwazi nan ki lang ou prefere pale.

Dyapozitif 10: Etap 5: Èske w gen timoun ki poko gen 18 an k ap viv ak ou? Chwazi "Yes (Wi)".

Dyapozitif 11: Etap 6: Pwochen kesyon an mande si w genyen yon sous revni, men olye de sa, tanpri endike si timoun w ap okipe a genyen nenpòt sous revni, tankou Benefis Sekirite Sosyal oswa revni li touche. Chwazi "No (Non)"

Dyapozitif 12: Etap 7: Li Avi sou Dwa, Responsablite ak Sanksyon Depatman Asistans Tranzisyonèl la

Dyapozitif 13: Etap 8: Chwazi "Mwen dakò ak kondisyon yo" epi siyen aplikasyon w lan nan tape non konplè w, apre sa chwazi "Soumèt aplikasyon an".

Dyapozitif 14: Etap 9: Chwazi "Exit (Sòti)" pou konplete pwosesis aplikasyon an.

Dyapozitif 15: Etap 10: Yon fwa ou fini aplikasyon anliy lan, nou pral pwograme yon entèvyou nan telefòn. DTA pral ba ou yon entèprèt si w bezwen youn.

Dyapozitif 16: Yon fwa nou konplete entèvyou a, nou pral fè w konnen ki enfòmasyon oswa dokiman ou bezwen ban nou.

[How to Apply for the Child Only Grant](#)